**दिन— गुरूवार** **दिनांक—12.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

एयर इंडियाक लंदन जायवला यात्री विमान आइ गुजरातक अहमदाबाद हवाई अड्डा लऽग मेघानी नगर इलाका मे दुर्घटनाग्रस्त भऽ गेल। नागरिक उड्डयन महानिदेशालयक अनुसार विमान मे दू सय बियालीस लोक सवार छलाह, जाहि मे दू पायलट आ दस केबिन क्रू मेंबर सम्मिलित छलाह। हादसा मे कोनो यात्री के बचबाक संभावना नहि अछि। दुर्घटनाग्रस्त विमान एक मेडिकल कॉलेज हॉस्पिटल के छात्रावास पर खसल जाहि मे पचास सँ बेसी के घायल होयबाक खबरि अछि। घायल सभ के लऽग—पासक अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे मौका पर राहत आ बचाव कार्य जारी अछि। ओतहि, दुर्घटनाक कारण के पता लगेबाक लेल जाँच जारी अछि। ओतहि, एयर इंडिया कहलक अछि जे दुर्घटनाक कारणक विस्तृत जनतब जुटाओल जा रहल अछि। विमान दुर्घटना जाँच ब्यूरोक महानिदेशक, निदेशक आ जाँच टीम सेहो अहमदाबाद के लेल विदा भऽ गेलाह अछि। एहि मध्य प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि दुर्घटनाक संबंध मे गृहमंत्री अमित शाह आ नागरिक उड्डयन मंत्री राम मोहन नायडू सँ बातचीत कयलनि। श्री मोदी हुनका ई सुनिश्चित करबाक सेहो निर्देश देलनि जे प्रभावित लोक सभ के सभ संभव सहायता तत्काल उपलब्ध करोओल जाय। एहि मध्य गृहमंत्री अमित शाह पहुँचि गेलाह अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उप राष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा आ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव विमान दुर्घटना पर असीम दुःख जतौलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पंचायती राज संस्थाक सभ स्तरक प्रतिनिधि सभ के मासिक भत्ता के डेढ गुना धरि बढ़ेबाक घोषणा कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे आब पंचायत प्रतिनिधि सभक कार्यकालक दरमियान सामान्य मृत्यु होयबा पर सेहो पाँच लाख टाका अनुग्रह राशि देल जायत। पहिने मात्र आकस्मिक मृत्यु होयबा पर ई प्रावधान छल। आइ पटना मे पंचायती राज प्रतिनिधि सभक एक शिष्टमंडल सँ भेट वार्ता मे मुख्यमंत्री छओ महत्वपूर्ण

घोषणा कयलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे मनरेगाक अंतर्गत मुखिया आब पाँच लाख टाकाक स्थान पर दस लाख टाका धरिक योजना के प्रशासनिक स्वीकृति दऽ सकताह। संगहि आब पन्द्रहम वित्त आयोग आ राज्य वित्त आयोग सँ पंचायती राज संस्था के प्राप्त राशिक उपयोग मे शीघ्रता अनबाक लेल पन्द्रह लाख टाका धरिक योजना सभक कार्यान्वयन विभागीय स्तर पर कयल जा सकत।

—————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आ केन्द्रीय मंत्री किरेन रिजिजू आइ पटनाक फुलवारीशरीफ स्थित महावीर कैंसर संस्थान मे दिवंगत समाजसेवी आचार्य किशोर कुणाल के आदमकद प्रतिमाक अनावरण कयलनि। एहि अवसर पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

—————————————————————————

वित्त मंत्रालय स्पष्ट कयलक जे यूपीआइ लेन–देन पर मर्चेंट डिस्काउंट रेट एमडीआर लगायल जयबा संबंधी दावा निराधार आ भ्रामक अछि। मंत्रालय जनौलक जे सरकार यूपीआइ के डिजिटल भुगतान के बढ़ावा देबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। सरकार एमडीआर शुल्क के दू हजार बीस मे समाप्त कऽ देने अछि।

—————————————————————————

विकसित कृषि संकल्प अभियान आइ संपन्न भऽ गेल। पन्द्रह दिन धरि चलल एहि अभियानक अंतर्गत कृषि वैज्ञानिक गाम–गाम जाकऽ किसान लोकनिक संग संवाद कयलनि आ हुनका नव कृषि तकनीक आ विभिन्न सरकारी योजना सभक जनतब देलनि। केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान सेहो एहि दरमियान विभिन्न राज्यक दौरा कऽ किसान सभक संग संवाद कयलनि। आइ अभियानक अंतिम दिन कृषि मंत्री गुजरातक बारडोली मे किसान सभ के संबोधित कयलनि। श्री चौहान कहलनि जे विकसित कृषि संकल्प अभियान, वैज्ञानिक अनुसंधान आ जमीनी स्तर पर खेतीक मध्यक अंतर के सफलापूर्वक समाप्त कऽ देलक अछि। एम्हर, प्रदेशक विभिन्न जिला सभ मे सेहो आइ अभियानक अंतिम दिन कृषि वैज्ञानिक लोकनि किसान सभ के संग संवाद कयलनि।

———————————————————————————————————

पटनाक अटल पथ पर एक तेज रफ्तार चारि पहिया वाहन ड्यूटी पर तैनात चारि पुलिसकर्मी के कुचलि देलक। एहि दुर्घटना मे एक महिला पुलिसकर्मीक मृत्यु भऽ गेल जखनकि तीन आन पुलिसकर्मी  गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————————————————

पूरा प्रदेश भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। आइ राज्यक दक्षिण भाग मे अधिकांश स्थान पर गर्म दिवस के स्थिति बनल अछि।

———————————————————————————————————

समाप्त भेल।